

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab dipedar jeung didéskrripsikeun ngeunaan, 1) kacindekan, 2) implikasi, jeung 3) rékoméndasi.

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran tina bab saméméhna, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Kecap rundayan mangrupa kecap anu dihasilkeun ngaliwatan prosés morfologis, nyaéta prosés ngararangkénan. Éta poses ngararangkénan téh ku cara ngawuwuhkeun rarangkén kana wangun kecap dasar. Wanda rarangkén dina basa Sunda téh aya lima, nyaéta rarangkén hareup (préfixs), rarangkén tengah (infiks), rarangkén tukang (sufiks), rarangkén barung (konfiks), jeung rarangkén gabung (ambifiks). Anapon kitu, fokus panalungtikan anu dipilih nyaéta ngan ukur kana kecap rundayan anu dirarangkénan barung (konfiks) jeung rarangkén gabung (ambifiks).

Dina novél *Si Bedog Panjang* karya Ki Umbara, kapanggih 31 adegan rarangkén barung jeung gabung tina 232 kecap rundayan. Éta adegan rarangkén téh ngawengku 13 rarangkén barung, jeung 19 rarangkén gabung. Ari 13 rarangkén barung nu kapaluruh téh nyaéta, 1) *ka—an*, 2) *ka—na*, 3) *kapi—an*, 4) *ka—eun*, 5) *pa—an*, 6) *pang—na*, 7) *pang—an*, 8) *pi—eun*, 9) *pika—eun*, 10) *pi—an*, 11) *sa—na*, 12) *sa—an*, 13) *sa—eun*. Rarangkén kecap barung miboga pola bisa diwuwuhkeun kana kecap dasar anu rupa-rupa katégori kecapna, saperti kecap sipat, kecap barang, kecap pagawéan, tur kecap pancén. Sedengkeun, 18 rarangkén gabung anu kapaluruhna nyaéta, 1) *-ar- + -eun*, 2) *di- + -ar- + -keun*, 3) *di- + -an*, 4) *di- + -keun*, 5) *di- + -na*, 6) *di- + -ar- + -an*, 7) *sa- + di- + -keun*, 8) *N- + -ar- + -an*, 9) *N- + -keun*, 10) *N- + -ar- + -keun*, 11) *N- + -na*, 12) *N- + -an*, 13) *N- + -al- + -keun*, 14) *N- + -an + pang- + -keun*, 15) *N- + pang- + -keun*, 16) *N- + pa- + -an*, 17) *sa- + pi- + -eun*, 18) *ting- + -na*. Rarangkén kecap gabung miboga pola bisa diwuwuhkeun kana kecap dasar anu rupa-rupa katégori kecapna, saperti kecap sipat, kecap barang, kecap pagawéan.

Elis Siti Sa'adah, 2023

KECAP RUNDAYAN BARUNG BINARUNG RARANGKÉN GABUNG DINA NOVEL SI BEDOG PANJANG KARYA KI UMBARA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Fungsi ngararangkénan barung jeung gabung anu kapaluruh dina novél *Si Bedog Panjang* karya Ki Umbara téh aya dua, nyaéta fungsi infléktif jeung fungsi dérivatif. Fungsi infléktif anu kapanggih ngawengku fungsi infléktif adjéktif, nomina, verba, pronominal, jeung partikel. Fungsi dérivatif anu kapanggih ogé sarua, nyaéta ngawengku fungsi dérivatif adjéktival, nominal, verbal, jeung partikel.

Dina novél *Si Bedog Panjang* karya Ki Umbara ogé kapaluruh harti gramatikal anu lobana aya 29 harti tina 32 rarangkén, nyaéta 1) ‘nuduheun’, 2) ‘hal nu patali jeung D’, 3) ‘hal nu di-D-keun’, 4) ‘hal nu di-D’, 5) ‘tempat D’, 6) ‘kakeunaan kalakuan teu dihaja’, 7) ‘dibéré D’, 8) ‘ngalakukeun D kalawan inténsif’, 9) ‘kakeunaan D’, 10) ‘dina kaayaan D’, 11) ‘jadi D’, 12) ‘sababaraha kali ngalakukeun D’, 13) ‘paling’, 14) ‘kakeunaan pagawéan D’, 15) ‘teu dihaja D’, 16) ‘dijieun jadi D’, 17) ‘dijieun jadi ka-D’, 18) ‘méré D’, 19) ‘ngalakukeun D (pikeun)’, 20) ‘méré D (ka)’, 21) ‘bakal D’, 22) ‘nyababkeun D’, 23) ‘mibanda D (-an)’, 24) ‘nepikeun D’, 25) ‘nyieun jadi D’, 26) ‘ngajadikeun D’, 27) ‘panyindek’, 28) ‘saharita D (-na)’, jeung 29) ‘waktu’. Harti anu panglobana muncul nyaéta harti ‘kakeunaan pagawéan D’.

5.2 Implikasi

Hasil tina ieu panalungtikan bisa dimangpaatkeun pikeun ngeuyeuban pangaweruh dina widang kabasaan. Salasahiji widang kabasaan saperti prosés morfologis, anu maluruh prosés ngawangun kecap ngaliwatan ngararangkénan barung jeung gabung. Ku ayana ieu panalungtikan, nyaéta sangkan masarakat apal kana rarangkén barung jeung gabung anu napelna kana wangun kecap dasar téh ngagunakeun dua rarangkén atawa leuwih. Ku kituna, masarakat teu ngan saukur apal kana rarangkén hareup, tengah, jeung tukang wungkul.

Lian ti éta, ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan pikeun nambahan pangaweruh nu maca, sarta dijadikeun référénsi pikeun bahan ajar dina pangajaran basa Sunda di sakola.

5.3 Rékomendasi

Patali jeung ieu panalungtikan, aya sababaraha hal anu perlu dirékomendasikeun saperti ieu di handap.

1. Sumber data tina ieu panalungtikan téh nyoko kana ragam basa wangun tinulis anu mangrupa karya sastra novél. Panalungtikan ngeunaan rarangkén barung jeung gabung téh perlu kénéh dilakukeun anu sumber datana bisa waé tina ragam basa wangun lisan, sarta karya sastra anu séjénna.
2. Rarangkén barung jeung gabung téh réa kénéh anu can asup kana buku Tata Basa Sunda. Ku kituna, perlu midangkeun rupa-rupa rarangkén barung jeung gabung dina déskripsi buku Tata Basa Sunda anu leuwih anyar.